



Pou Piblikasyon Imedya: 12/02/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MODIFIKASYON 30 JOU NAN BIDJÈ A POU
PWOTEJE TIMOUN NEW YORK KONT DELENKAN SEKSYÈL**

***Aksyon Pral Entèdi Delenkan Seksyèl ki Klasifye Kòm Nivo 2 ak 3 Pou Yo Rive a
Distans 1000 Pye Nan Zòn Jaden Danfa ak Lekòl Preskolè***

***Entèdi Delenkan Seksyèl Pou Yo Pa Rete nan Kay oubyen Azil Ijans Tanporè Kote
Fanmi Rete***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a yo pral avanse yon modifikasyon 30 jou pou pwoteje timoun nan Eta New York. Modifikasyon sa a pral limite delenkan seksyèl kote viktim yo te gen mwens pase 13 lane pou yo sikile oubyen viv toupres lekòl kote timoun piti pral aprann, epi y'ap entèdi delenkan yo pou yo viv nan kay oubyen azil tanporè oubyen an ijans kote fanmi rete tou.

“Sekirite ak byennèt timoun nou yo se premye priyorite New York, epi lè yo pwopoze lwa ki pi rijid, n'ap kenbe moun New York nou yo ki pi vilnerab yo ansekirite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Aksyon sa a pral entèdi kriminel sa yo pou yo mete pye a anviron 1000 pye nan lekòl nou yo epi ede sekirize katye nou yo nan tout eta a, pandan n'ap sipòte yon New York ki pi bon ak plis ansekirite pou tout moun.”

Aksyon Gouvènè a pou li avanse modifikasyon sa a pral fèmen yon fay nan lwa eta a ki aktyèlman pèmèt delenkan seksyèl pou viv toupres jaden danfan ak lekòl preskolè nan Eta New York lan.

- Modifikasyon 30 jou nan bidjè a pral:
- Entèdi delenkan seksyèl nivo de (2) ak nivo twa (3), kote viktim yo te gen mwens pase 13 lane, pou yo vini a anviron 1,000 pye toupres yon jaden danfan oubyen lekòl preskolè.
- Entèdi kèk delenkan seksyèl pou yo viv nan kay oubyen azil tanporè oubyen an ijans ki resevwa fanmi tou; epi
- Ekzije Komisè Depatman Koreksyonèl ak Sipèvizyon Kominote (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) pou jwenn yon lis lekòl nan men Depatman Edikasyon Eta a (State Department of Education), epi distribye lis sa a bay depatman pwobasyon ak libète kondisyonèl pou asire delenkan seksyèl rete lwen lokal sa yo.

Depi li fini monte sou pouvwa, Gouvènè Cuomo te ranfòse pwoteksyon pou timoun nan New York epi fòtifye lwa pou dekouraje delenkan seksyèl pou yo pa atake timoun ankò. Nan 2013, Gouvènè a [te elaji](#) Achiv Delenkan Seksyèl (Sex Offender Registry) eta a pou mete plizyè foto pou chak delenkan, epi yo mande pou yo aktyalize yo chak twa lane pou kriminèl nan Nivo 1 ak Nivo 2, epi chak ane pou kriminèl nan Nivo 3. Nan 2016, Gouvènè a [te mande](#) DOCCS pou limite kriminèl seksyèl ki anba sipèvizyon kominote pou yo pa ka itilize Pokémon GO ak lòt jwèt idantik ki baze sou pozisyon.

Anplis, antan Avoka Jeneral nan lane 2008, Gouvènè Cuomo te entwodwi Lwa Sekirite Elektwonik epi Sible Predatè Anliy yo (Electronic Security and Targeting of Online Predators Act) pou kapab pwoteje timoun New York yo kont predatè anliy yo. Lejislasyon revolisyonè sa a te mennen yon pakèt pwoteksyon pou itilizatè entènèt yo, òdone pou delenkan seksyèl yo anrejistre epi kenbe ajou tout adrès kourye elektwonik yo, non itilizatè, ak nenpòt lòt idantifyan entènèt yo nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl nan Eta a (State Division of Criminal Justice Services). Apre sa yo bay lis sa a konpayi rezo sosyal chak semèn, epi sit entènèt sa yo itilize lis sa a pou kapab elimine delenkan sa yo nan lis manm sit yo a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)